

BAB 1 BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Kaparigelan basa ngawengku opat kaparigelan nyaéta kaparigelan ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis. Ieu kaparigelan basa salawasna silih pangaruhan sarta raket patalina jeung prosés-prosés nu jadi dadasar makéna basa. Kaparigelan basa kawilang penting dina kahirupan, sabab kaparigelan basa mangrupa dasar tina komunikasi nalika nepikeun maksud hasil tina mikir (Yamini, 2018 kc. 2).

Opat kaparigelan basa diluhur kudu dipimilik jeung dimekarkeun ku unggal jalma, Salah sahijina nyaéta kaparigelan maca. Kaparigelan maca ka asup kana kaparigelan basa anu penting pikeun kamekaran pangaweruh. Nurutkeun (Rahim, 2018, kc, 1) maca jadi hal nu penting dina lingkungan masarakat nu kompléks lantaran unggal aspék kahirupan ngalibetkeun kagiatan maca.

Numutkeun Nurhadi (dina Somadayo, 2011, kc.5) maca mangrupa hiji prosés nu kompléks jeung rumit. Kompléks hartina dina prosés maca matalikeun sababaraha faktor intelegensi, minat, sikep bakat, motivasi, tujuan maca, jrrd. Faktor éksternal bisa dina bentuk sarana maca, téks bacaan, faktor lingkungan atawa faktor kasang tukang sosial ékonomi, kabiasaan, jeung tradisi maca. Sedengkeun nurutkeun Klein, dkk. dina (Rahim, 2018, kc.3) nétélakeun yén maca ngawengku 1) maca mangrupa hiji prosés, 2) maca mangrupa strategis, jeung 3) maca mangrupa interaktif. Maca mangrupa hiji prosés, hartina pikeun nepikeun informasi tina teks jeung pangaweruh nu dipimilik ku pamaca nu miboga peran utama dina ngama'naan bacaan. Maca mangrupa hiji strategis, hartina pamaca nu éféktif ngagunakeun sababaraha strategi maca nu saluyu jeung teks ogé kompléks dina raraga ngawangun ma'na waktu maca. Maca miboga sifat interaktif, hartina yén pamaca téh biasana gumantung kana kontéks. Jalma anu resep maca tangtu bakal manggihan sababaraha udagan anu rék dihontal. Téks anu dibaca ku hiji jalma tangtu kudu babari dipikapahamna (*readable*) antukna bakal ayana hiji interaksi antara pamaca jeung téks anu dibacana.

Risye Tri Andani, 2020

MODÉL PANGAJARAN DIRECTED READING-THINKING ACTIVITY PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH MACA PAMAHAMAN SAJAK (STUDI KUASI ÉKSPÉRIMÉN KA SISWA KELAS X MIPA 3 SMAN 15 BANDUNG TAUN AJAR 2019/2020)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | pepustakaan.upi.edu

Dina kaparigelan maca téh aya dua wangun nyaéta maca pamahaman jeung maca mékanik. Robin (dina Somadayo, 2011, kc. 7-8) nétélakeun yén maca pamahaman mangrupa prosés intéléktual anu kompléks sarta ngawengku dua kamampuh utama, nyaéta ngawasa ma'na kecap, mikir ngeunaan konsép verbal. Ieu maca pamahaman diajarkeun dina kurikulum pangajaran maca pamahaman sajak. Saluyu jeung kurikulum tingkat muatan local anu aya di SMA atawa SMK, pangajaran sajak téh aya di kelas X. Nurutkeun (Pemerintah Daerah Provinsi Jawa Barat Dinas Pendidikan, 2017) dina KIKD SMA Basa Sunda Kurikulum 2013 disebutkeun yén kaparigelan anu kudu dihontal téh nyaéta dina Kompoténsi Dasarna:

3.8 Membaca dan mengamati téks sajak yang mengandung berbagai macam kosa kata, dan idiom yang merupakan kekayaan bahasa Sunda dalam unsur batin dan unsur fisik sajak.

Jadi tina K.D téh komponén idéalna budak bisa maca sajak kalayan merhatikeun kosa kecap jeung idiom nu mangrupa kandaga kecap. Kosa kecap anu disebut dina ieu K.D nyaéta kabeungharan kecap anu dipiboga ku pamaca, sedengkeun idiom dina ieu K.D téh nyaéta pangaweruh anu dipiboga ku pamaca ngeunaan pakeman basa saperti babasan jeung paribasa dumasar kana unsur batin sajak nyaéta téma, rasa, nada, suasana, amanat, sedengkeun nu kaasup kana unsur fisik sajak nyaéta diksi, kecap konkrét, imaji, gaya basa, purwkanti, jeung wirahma.

Saupama ditilik dina kamampuh siswa nalika maca sajak, siswa can apal kana unsur batin jeung unsur fisik sajak nu ngabalukarkeun siswa can bisa ngahontal kompetensi dasar anu aya dina KIKD. Dumasar hasil wawancara jeung salah sahiji guru basa Sunda di SMAN 15 Bandung, anu dilaksanakeun tanggal 18 Pebruari 2019 salah sahijina nyebutkeun yén siswa anu kurang maham kana unsur-unsur dina sajak nu ngabalukarkeun siswa hararésé maham kana sajak téh nyaéta metode ngajar guru nu teu bervariasi jeung nyieun siswa jadi bosen kana pangajaran ngeunaan sajak ogé teu pahamna kana unsur-unsur sajak nu ngabalukarkeun siswa hésé maham eusi sajak ieu hal luyu jeung pamadegan

(Nuratni spk., 2014, kc.5) yén téhnik anu digunakeun ku guru henteu bisa ngamekarkeun poténsi anu aya dina diri siswa, guru ngan saukur méré pangaweruh kalawan henteu méré kasempetan siswa pikeun ngalakukeun konstruksi pangaweruk anu antukna siswa kurang maham kana eusi sajak. Hal séjénna nu ngabalukarkeun siswa kurang minat kana sajak nyaéta mikanyaho eusi atawa maksud anu nyangkaruk dina sajak téh hésé pisan, lantaran dina sajak sok ngagunakeun kekecapan nu teu ilahar dipaké sapopoé. Antukna loba kekecapan anu hésé dipikaharti ku siswa boh ku guru. Ieu hal luyu jeung pamadegan (Asri & Yanda, 2016, kc. 6) nu nétélakeun yén siswa leuwih bisa ngagunakeun basa-basa anu sipatna langsung. Dina harti, basa nu digunakeun téh mangrupa basa sapopoé. Ieu masalah saluyu jeung hasil panalungtikan anu dilakukeun di SMAN 1 Garut nalika siswa macakeun sajak masih kénéh loba siswa nu kurang maham kana eusina ti siswa nu jumlahna 35 jalma ngan aya 15 jalma nu bisa maca sajak jeung maham kana eusi sajakna.

Ku kituna tujuan tina éta kompéténsi di luhur nyaéta miharep siswa sangkan bisa maca jeung maham kana eusi sajak kalayan unsur-unsurn. Ku kituna, pikeun ngungkulan éta pasualan, loba tarékah anu bisa dilaksanakeun salasahijina nyaéta maké modél atawa métode pangajaran anu bisa ngirut siswa pikeun diajar basa Sunda utamana dina pangajaran maca. Dina kanyatanna euweuh modél pangajaran anu bisa dilarapkeun dina sagala kaayaan. Guru kudu bisa milih modél pangajaran anu luyu jeung pasualan-pasualan nu aya di sakola.

Sacara tioritis salah sahijina modél pangajaran anu bisa dijadikeun siswa pikeun maham eusi sajak kalayan unsur-unsurna nyaéta modél pangajaran *Directed Reading-Thining Activity* (DR-TA) anu dipedar ku Russell Stauffer. Nurutkeun Tierney (dina Abidin, 2012, kc.80) nétélakeun yén model DRTA mangrupa hiji kritikan tina kagunaan metode DRA. Ieu modél pangajaran DRTA téh pikeun mekarkeun kamampuh maca pamahaman sacara kritis jeung reflektif, hartina pamaca maham kana naon anu disebutkeun nu nulis, sangkan pamaca réfléks méré réaksi sacara personal. Ieu kamampuh bisa nyiptakeun, nafsirkeun, nerapkeun jeung ngarobah ma'na sacara efektif ngaliwatan prosés mikir kritis

Risye Tri Andani, 2020

MODÉL PANGAJARAN DIRECTED READING-THINKING ACTIVITY PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH MACA PAMAHAMAN SAJAK (STUDI KUASI ÉKSPÉRIMÉN KA SISWA KELAS X MIPA 3 SMAN 15 BANDUNG TAUN AJAR 2019/2020)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | pepustakaan.upi.edu

(Kuswari, 2009). Nurutkeun Abidin Model pangajaran *Directed Reading-Thinking Activity* (DR-TA) kaonjongan dina hal ngaping sarta mantuan siswa sangkan bisa ngajéntrékeun jeung ngaréngsékeun pasualan nu aya dina KIKD nyaéta ngeunaan unsur-unsur nu aya dina sajak. Nurutkeun Bunadi (2014, kc.2) Ieu modél ogé ngajak siswa pikeun mikir kritis, leuwih tepatna nyaéta saméméh siswa maca bacaan nu rék ditepikeun guru ngagambarkeun eusi bacaan ngaliwatan hiji media. Ku kituna kamampuh pamahaman siswa nalika ngacocokkeun prediksi jeung bacaan nu geus dibacana jadi leuwih kuat. Ku sabab kitu éta hal bisa jadi solusi sangkan kaparigelan siswa dina maca sarta maham kana eusi sajak téh jadi ngaronjat jeung bisa ngalatih kamampuh pamahaman siswa ngeunaan unsur-unsur dina sajak.

Sacara émpiris modél *Directed Reading- Thinking Activity* (DR-TA) anu ngarojong kana ieu panalungtikan nyaéta panalungtikan nu dilakukeun ku (Anggraeni, P, K, Spk., 2013) nu medar ngeunaan *Pengaruh Strategi Directed Reading- Thinking Activity terhadap Sikap Sosial dan Kemampuan Membaca Pemahaman Bahasa Inggris VIII SMP* . Hasil tina éta panalungtikan nétélakeun yén modél *Directed Reading Thinking Activity* mangrupa modél anu bisa ngaronjatkeun siswa dina maca pamahaman. Salian ti éta aya ogé panalungtikan nu dilaksanakeun ku (Bariska & Hariani, 2013) ngeunaan *Penerapan Strategi Directed Reading Thinking Activity (DRTA) untuk Meningkatkan Keterampilan Membaca Pemahaman Siswa kelas V*. Hasilna nétélakeun yén modél *Directed Reading Thinking Activity* mangrupa modél anu nungtut siswa pikeun bisa leuwih maham kana eusi bacaan.

Aya ogé sababaraha panalungtikan séjén ngeunaan maca pamahaman sajak téh di antarana conto skripsi meunang (Hervyagi, 2009) anu judulna “Modél Pangajaran *Explicit Instruction* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Maca Pamahaman Sajak (Panalungtikan Tindakan Kelas ka Siswa Kelas VIII-F SMPN 45 Bandung Taun Ajaran 2012/2013)” ogé conto skripsi meunang (Gunawan, 2013) anu judulna “Strategi *Reading Aloud* dina pangajaran Maca Pamahaman

Sajak (Penelitian Tindakan Kelas ka Siswa Kelas VIII C SMP Laboratorium Percontohan UPI Bandung Taun Ajar 2017/2018).

Sanajan geus réa nu nalungtik ngeunaan matéri pangajaran maca pamahaman sajak, tapi ari pangajaran maca pamahaman sajak nu ngagunakeun modél pangajaran *Directed Reading Thinking Activity* (DR-TA) can kungsi aya. Modél pangajaran *Directed Reading Thinking Activity* (DR-TA) dipaké dina maca sajak lantaran ngaliwatan ieu modél siswa bakal bisa leuwih maham kana unsur batin jeung unsur fisik sajak.

Dumasar kasang tukang di luhur, ieu panalungtikan anu judulna “Modél Pangajaran *Directed Reading-Thinking Activity* (DR-TA) pikeun ngaronjatkeun maca pamahaman Sajak di SMAN 15 Bandung Taun Ajar 2019/2020” perlu dilaksanakeun.

1.2 Idéntifikasi Masalah jeung Rumusan Masalah

Masalah dina ieu panalungtikan diidentifikasi sangkan leuwih museur sarta perlu dirumuskeun sangkan leuwih jéntré.

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang masalah, ieu panalungtikan bisa diidentifikasi dumasar kana:

- a. Kamampuh maca sajak masih kurang nu ngabaluarkeun siswa kurang maham kana unsur-unsur sajak.
- b. Modél pangajaran *Directed Reading-Thinking Activity* (DR-TA). Léngkah-léngkahna miboga tilu tahap nu kahiji tahap prabaca, nu kadua tahap maca, jeung nu katilu tahap pascabaca.

1.2.2 Rumusan Masalah

Nilik kana kasang tukang masalah, aya sababaraha masalah anu dirumuskeun dina wangun kalimah patalékan, nyaéta.

- a. Kumaha kamampuh maca pamahaman sajak siswa kelas X MIPA 3 di SMAN 15 Bandung saméméh ngagunakeun modél *Directed Reading-Thinking Activity (DR-TA)*?
- b. Kumaha kamampuh maca pamahaman sajak siswa kelas X MIPA 3 di SMAN 15 Bandung sabada ngagunakeun modél *Directed Reading- Thinking Activity (DR-TA)*?
- c. Naha aya ningkatna kamampuh maca sajak sabada ngagunakeun modél pangajaran *Directed Reading-Thinking Activity (DR-TA)*?
- d. Naha aya béda anu signifikan antara kamampuh maca pamahaman sajak siswa kelas X MIPA 4 di SMAN 15 Bandung saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Directed Reading- Thinking Activity (DR-TA)*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Unggal kagiatan tangtuna miboga tujuan nu pasti. Tujuan mangrupa hal utama sangkan panalungtikan bisa réngsé luyu jeung kahayang panulis. Ku kituna, sateuacan ngalaksanakeun kagiatan, tujuan kudu dirumuskeun sacara jéntré. Dumasar kana hal nu geus dipedar dina kasang tukang masalah jeung rumusan masalah, ieu panalungtikan miboga dua tujuan, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum tujuan tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun nguji éféktif henteuna modél pangajaran *Directed Reading-Thinking Activity (DR-TA)* dina ngaronjatkeun kamampuh maca pamahaman siswa kelas X MIPA 3 di SMAN 15 Bandung dina pangajaran maca sajak.

1.3.2 Tujuan Khusus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskripsikeun :

- a. kamampuh maca pamahaman sajak siswa kelas X MIPA 3 di SMAN 15 Bandung saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Directed Reading-Thinking Activity* (DR-TA);
- b. kamampuh maca pamahaman sajak siswa kelas X MIPA 3 di SMAN 15 Bandung sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Directed Reading-Thinking Activity* (DR-TA);
- c. ningkatna kamampuh maca pamahaman sajak siswa kelas X MIPA 3 di SMAN 15 Bandung sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Directed Reading-Thinking Activity* (DR-TA);
- d. béda anu signifikan antara saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Directed Reading-Thinking Activity* (DR-TA) ka siswa kelas X MIPA 3 di SMAN 15 Bandung dina pangajaran maca sajak.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan kabagi jadi dua, nyaéta mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis ieu panalungtikan dipiharep bisa ngadeudeulan jeung ngajembaran cara ngajar pangajaran basa Sunda, husuna dina métodeu pangajaran maca pamahaman kosa kecap jeung idiom dina sajak siswa kelas X MIPA 3 di SMAN 15 Bandung.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis mangpaat dina ieu panalungtikan, nyaéta:

- a. Pikeun siswa, dipiharep siswa bisa kairut jeung ngaronjat motivasina nalika diajar maca sajak, sarta bisa numuwuhkeun kaaktifan siswa dina milu diajar di kelas;
- b. Pikeun guru, ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan alternatip stratégi pangajaran utamana dina maca sajak.

- c. Pikeun nu nulis, ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan pangaweruh ngeunaan modél pangajaran nu bisa ngaronjatkeun kamampuh maca pamahaman siswa.

1.5 Raraga Tulisan

Dina ieu skripsi disusun jadi lima bab, anu diwancik saperti ieu di handap.

Bab 1 bubuka ngawengku kasang tukang masalah, idéntifikasi masalah jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II ngawengku ulikan teori, ngawengku ulikan panalungtikan saméméhna, raraga mikir, jeung hipotésis, anu ngawengku ngeunaan modél pangajaran *Directed Reading- Thinking Activity (DR-TA)* jeung sagala hal anu aya patalina jeung matétri bahan pangajaran.

Bab III métode panalungtikan, anu eusina nya éta desain panalungtikan, sumber data, instrumén panalungtikan, prosedur panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung analisis data.

Bab IV ngawengku hasil panalungtikan jeung pedaran, anu eusina mangrupa hasil analisis jeung déskripsi ngeunaan modél pangajaran *Directed Reading- Thinking Activity (DR-TA)* pikeun ngaronjatkeun kamampuh maca pamahaman sajak siswa kelas X MIPA 3 SMAN 15 Bandung taun ajar 2019/2020.

Bab V ngawengku kacindekan jeung saran, anu eusina ngeunaan kacindekan hasil panalungtikan, rekomendasi, jeung implikasi pikeun kahareupna.